

## BILTEN ENFÒMASYON SOU VAKSEN

# Vaksen konjige anti-nemokoksik: Sa Ou Dwe Konnen

Many vaccine information statements are  
Haitian Creole and other languages.  
See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Anpil Bilten Enfòmasyon sou Vaksen yo  
disponib an Kreyòl Ayisyen ak nan lòt lang.  
Ale sou sitwèb [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

## 1. Pou kisa pou mwen vaksinen?

Vaksen konjige anti-nemokoksik ka anpeche **maladi nemokoksik**.

**Maladi nemokoksik** vle di tout maladi bakteri nemokòk la lakòz. Bakteri sa yo ka lakòz anpil tip maladi, tankou nemoni, ki se yon enfeksyon nan poumon yo. Bakteri nemokoksik se youn nan kòz nemoni ki pi kouran.

Apade nemoni, bakteri nemokoksik yo ka lakòz tou:

- Enfeksyon nan zòrèy
- Enfeksyon nan sinis
- Menenjit (enfeksyon tisi ki kouvri sèvo a ak mwèl epinyè a)
- Bakteryemi (enfeksyon nan san)

Nenpòt moun ka trape maladi nemokoksik, men timoun ki poko gen 2 zan, moun ki gen sèten pwoblèm medikal oswa lòt faktè risk, epi granmoun 65 lane oswa plis gen pi gwo risk.

Pifò enfeksyon nemokoksik yo lejè. Men, kèk nan yo ka lakòz pwoblèm dire long, tankou domaj nan sèvo oswa pèt kapasite pou tandè. Menenjit, bakteryemi, ak nemoni maladi nemokoksik lakòz kapab pwoblèm mòtèl.

## 2. Vaksen konjige anti-nemokoksik

Vaksen konjige anti-nemokoksik la ede pwoteje kont bakteri ki lakòz maladi nemokoksik. Gen twa vaksen konjige anti-nemokoksik (PCV13, PCV15, ak PCV20). Yo rekòmande vaksen diferan pou moun diferan selon laj ak pwoblèm medikal. Founisè swen sante w ka ede w detèmine ki tip vaksen konjige anti-nemokoksik ou ta dwe resevwa, epi konbyen dòz.

**Tibebe ak jenn timoun** anjeneral bezwen 4 dòz vaksen konjige anti-nemokoksik. Yo rekòmande dòz sa yo nan laj 2, 4, 6, epi 12–15 mwa.

**Timoun ki pi gran yo ak adolesan yo** ta ka bezwen vaksen konjige anti-nemokoksik selon laj yo ak pwoblèm medikal yo oswa lòt faktè risk si yo pa te resevwa dòz ki rekòmande yo lè yo te tibebe oswa jenn timoun.

**Adilt ki gen laj 19 jiska 64 lane** ki gen sèten pwoblèm medikal oswa lòt faktè risk ki poko resevwa vaksen konjige anti-nemokoksik la ta dwe resevwa vaksen konjige anti-nemokoksik la.

**Granmoun laj 65 lane oswa plis** ki pa te resevwa oparavan vaksen konjige anti-nemokoksik la ta dwe resevwa vaksen konjige anti-nemokoksik la.

Yo rekòmande tou pou kèk moun ki gen sèten pwoblèm medikal pran vaksen anti-nemokoksik polisakarid la (yon tip vaksen anti-nemokoksik diferan, ke yo rele PPSV23). Yo ka rekòmande pou sèten adilt ki te deja resevwa yon vaksen konjige anti-nemokoksik resevwa yon lòt vaksen konjige anti-nemokoksik.

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon, ak orè yo rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistreman an.



**U.S. Department of  
Health and Human Services**  
Centers for Disease  
Control and Prevention

---

### 3. Pale avèk founisè swen sante ou

---

Fè founisè vaksinyasyon ou an konnen si moun k ap pran vaksen an:

- Te gen yon **reyaksyon alèjik apre yon dòz anvan sa ak nenpòt tip vaksen konjige anti-nemokoksik (PCV13, PCV15, PCV20, oswa yon vaksen konjige anti-nemokoksik pi bonè ke yo rele PCV7), oswa ak nenpòt vaksen ki gen nan yo anatoksin difterik (pa egzanp, DTaP), oswa ki gen nenpòt alèji grav ki mete lavi an danje**

Nan kèk ka, founisè swen sante ou ka deside ranvwaye vaksinyasyon konjige anti-nemokoksik la jiska yon pwochen vizit.

Moun ki gen ti maladi, tankou rim, ka pran vaksen an. Moun ki malad yon fason modere oswa yon fason grav dwe òdinèman rete tann jiskaskè yo refè.

Founisè swen sante w la kapab ba ou plis enfòmasyon.

---

### 4. Risk pou yon reyakasyon ak vaksen an

---

- Woujè, anflamasyon, doulè, oswa sansibilite nan kote yo bay piki a, epi lafyè, pèt apeti, chimerik (iritabilite), sansasyon fatig, maltèt, doulè nan misk, doulè nan jwenti, epi frison ka rive apre vaksinyasyon anti-nemokoksik konjige.

Jenn timoun yo ka gen plis risk pou kriz akòz lafyè la apre yon vaksen konjige anti-nemokoksik si yo bay li an menm tan ak vaksen kont grip inaktive a. Mande founisè swen sante w plis enfòmasyon.

Pafwa moun endispozè apre pwosedi medikal, apre yon vaksen tou. Fè founisè swen ou konnen si ou santi toudisman, oswa ou gen chanjman nan vizyon oswa si zòrèy ou ap boudonnen.

Menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon chans ki piti anpil pou yon vaksen lakòz yon reyakasyon alèjik grav, lòt chòk grav oswa lanmò.

---

### 5. E si gen yon pwoblèm grav?

---

Yon reyakasyon alèjik ka rive apre moun ki pran vaksen an kite klinik la. Si ou wè siy yon reyakasyon alèjik grav (itikè, anflamasyon nan figi ak gòj, difikilte pou respire,

MDHHS-Pub-0955HC AUTH: P. H. S., Act 42, Sect. 2126.

Haitian Creole translation provided by Immunize.org

yon batman kè rapid, vètij oswa feblès) rele **9-1-1** ak mennen moun lan nan lopital ki pi pre a.

Pou lòt siy ki enkyete ou, rele founisè swen sante ou.

Yo dwe rapòte reyakasyon negatif yo nan Sistèm Rapò sou Efè Endezirab Vaksen (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Òdinèman, founisè swen sante ou ap fè rapò sa a, oswa ou ka fè li oumenm. Ale sou sitwèb VAERS la nan [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov) oswa rele nan **1-800-822-7967**. *VAERS se pou rapòte reyakasyon yo sèlman, epi manm pèsonèl VAERS yo pa bay konsèy medikal.*

---

### 6. Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Domaj anrapò ak Vaksen

---

Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Domaj anrapò ak Vaksen (National Vaccine Injury Compensation Program, VICP) se yon pwogram federal yo te kreye pou konpanse moun ki te pran chòk akòz sèten vaksen. Reklamasyon konsènan swadizan blesi oswa lanmò akòz vaksinyasyon gen yon delè pou depoze yo, ki ka kout tankou dezan. Ale sou sitwèb VICP an nan [www.hrsa.gov/vaccinecompensation](http://www.hrsa.gov/vaccinecompensation) oswa rele nan **1-800-338-2382** pou jwenn enfòmasyon sou pwogram lan ak pou depoze yon reklamasyon.

---

### 7. Kijan mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

---

- Mande founisè swen sante ou.
- Rele depatman sante lokal ou oswa depatman sante eta kote w ap viv la.
- Ale sou sitwèb Ajans pou Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) pou jwenn avi ki vini ak vaksen yo ak enfòmasyon anplis nan [www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines](http://www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines).
- Kontakte Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC):
  - Rele **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
  - Ale sou sitwèb CDC nan [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines).